


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 46 (7186) 13 ноябрь Рузман 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


10 ноябрь - Россиялъул жанисел ишазул органазул хIалтIухъабазул къо

## Баркула!

Районалъул муниципалияб гIуцIиялъул Собраниялъул депутатаз, администрациялъ ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула районалъул жанисел ишазул органазул киналго хIалтIухъабазда, ветераназда, гьединго нилъехъе командировкаялъ ритIун рачIарал Россиялъул МВДялъул хIалтIухъабазда Россиялъул жанисел ишазул органазул хIалтIухъабазул къо. Жанисел ишазул органазул хIалтIухъабаз мустахIикъаб бакI ккола пачалихъалъ цере лъурал гIамал масъалаби гIумроялде рахъинариялъулъ.



Нужер тIадчIараб, хIалуцараб хъулухъалъ квербакъула районалъул территориялда гIадлу-низам цIуниялъе. ТIадаб налъи тIубазабулаго нужеца цIунулеб буго тIолго инсаниятalъул бечелъаби, букIинабулеб буго обществалда чIара-хьараб ахIвал-хIал, квербакъи гьабулеб буго гьеб хадубккунги цебетIезабиялъе. Нужер хъулухъалъе хIажат буго гьоркьоса къотIи гьечIого къеркьей гьаби, бихьинчилъи, тIадегIанал профессионалиял качестваби, гьелдаго цадахъ гьеб хъулухъ гIумруялъе хIинкъи бугеб буго.

РакI-ракIалъул баркала буго, нужее, нужер ракI бацIцIадаб хъулухъалъухъ тIаса бищараб махщалие ритIухъаллъун рукIиналъухъ, ритIухъаб куцалда законазе хъулухъ гьабуралъухъ ва хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул жавабияб хъулухъалъухъ.

Гьарула, нужее, нужер гIага-божаразе щулияб сахлъи, гьабулеб ишалъулъ битIккей, ракълилаб зоб, гIодобе биччараб хъулухъ, ВатIаналъе хъулухъ гьабиялъулъ чIахIиял бергьенлъаби!

Биччанте гьеб киналъухъго шапакъатлъун нужее букIине нилъер гражданазул хъизамазда хIалхьи ва битIккей букIин, полициялъулаздехун адаб-хIурмат цIикIкIинги!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев.**

# ХIалтIулаб сапаралъ - нух бахъулезухъ



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГIиса НурмухIамадов щвана хIалтIулаб сапаралъ «Бузнасан-нух» бахъулеб бакIалде. Гьесда цадахъ рукIана республикаялъул мугIрузул территориалияб округалда вугев Дагъистаналъул БетIерасул вакил МухIамадхIажи ЗайнулгIабидов, гьесул заместитель ГIамирхан МухIамаддадаев, Генуб МОялъул бетIер А. МухIамадов. Сапаралъул гIахьалчагIаз хал гьабуна нух бахъулеб бакIалда хIалтIаби унел ругеб куцалъул. «Бузнасан нух» бахъулеб буго ЧIикIаб росдадасан байбихьун Авар ва ГIанди гIорал журалеб бакIалде щвезегIан ЧIикIаб лъел хIорил кваранаб рагIаллъудасан. Проекталда рекъон «Бузнасан нух» проекталъ нух къокъ гьабизе буго I2 мугIрузул районазде. Севериаб зонаялдасан хьвадулел гIадамазе, хасго хасалил заманалда ХIариб габурлъухъан хьвадулезе «Бузнасан-нух» букIине буго санагIатабги хIинкъи гьечIебги. ХутIарал республикаялъул севериябгун бакътIерхьуда ругел мугIрузул ва рорхатал мугIрузул районазул нухлулазе, гьабсагIаталда нилъ хьвадулеб гендерил тоннелалде дандеккун гьеб нух цо сагIаталъ къокъаб букIине буго. Ралъдал гьумералдаса 400 метралъ борхалъуда букIаниги щиб чIикIасезул къварилъиялъул бакъ щолеб рахъалдасан бахъулеб букIиналъ «Бузнасан-нух» лъугьине буго бокьараб сезоналдагицин тIадагьалги бакIал къайи баччулел машинабиги хIинкъичIого хьвадизе бегьулеб нухлъун.

Балеб бакIалъул нухмалъулев М. Дибировас абуна: Нижеца гьеб нух бахъулеб бакI халкъияблъун лъазабун буго, гьенибе гIарац кьолеб буго тIолабго халкъалъ ва хIалтIулел руго кIвахI-свак гьечIого. Нижер хIисабалда рекъон гьеб проекталъул гIаммаб сметаялъул багьа 500 млн. гъурущалде бахунеб буго, гьебги нухде тIезе кколеб асфальтги малъичIого. Нух бахъулеб бакIалда хIалтIи унеб буго тIадбан, хIалуцадго. Гьенир хIалтIулел руго хIажатал хIалтIухъабиги, нухазул техникаги: грейдералги, самосвалалги, экскованоралги, бульдозералги ва цогидабги.

Сапаралъул гIахьалчагIаз рагIа-ракьанде шун хал гьабуна нух бахъулеб бакIалда кисакибго хIалтIи унеб бугеб куцалъул ва нухда хIалтIулезда рецц-бакъалъул рагIаби абуна.

## Хасалиде хIадурлъиялда хурхун

**«Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь райадминистрациялда тIобитIана аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, управлениязул ва отделазул нухмалъулел.**

Данделъиялда гIенеккана управленияз ва отделаз ахирияб заманалда гьабураб хIалтIул хIисаб кьеязухъ. Гьез хIисабалде росун руго гьаризесел аслиял хIалтIаби район экономиябгун социалияб рахъалъ цебетIезабиялъе, бицана районалъул бетIерасул тIадкъаял тIуралел ругеб куцалъулги. Гьес тIадкъан рукIана хIалтIулал бакIазда хасалиде хIадурлъи бук1инаби.

**(Ахир 2 гъумералда)**

Администрация МО «Унцукульский район» Республики Дагестан объявляет конкурс по предоставлению грантов, создаваемым, начинающим и действующим менее года субъектам малого и среднего предпринимательства в соответствии с приложением 7 государственной программой Республики Дагестан «Экономическое развитие и инновационная экономика» утвержденной Постановлением Правительства Республики Дагестан от 22.12.2014 года № 651.
Прием заявок осуществляется с 26 октября 2015 года по 24 ноября 2015 года по адресу; Унцукульский район, пос.Шамилькала. Время приема заявок с 9 ;00 до 18 ; 00, кроме субботы и воскресенья.
Интересующую информацию по организации приема заявок и перечень документов можно получить по телефону 55-62-82.

## Хасалиде хIадурлъиялда хурхун



БакIазда гьел суалазда хурхун гьарулел хIалтIабазул бицана Л. МухIамадгIалиевас, Ж. Якъубовас. Школазда, ясли-ахазда хинлъи чIезабун бугин ва тIадеги хIадурлъаби гьарулел ругин бихьизабуна Л. Мух1амадг1алиевас. Гьединго Якъубовас бихьизабуна гьутабазда МУПазул бугеб ахIвал-хIал лъазабизе щванин, хал гьабунин гьабураб продукциялъул качествалъул, бетIер цIунун бугеб куцалъул, боцIуе ва хIалтIулезе ругел шартIазул, лъикIлъун бугин ракь хIалтIизаби, боцIуе хер хIадури,-абун.

Гьенибго тIадчIей гьабуна социалиял объектазда хасалиде хIадурлъиялда, гьединго приоритетниял проектазул, налог бакIариялъул суалазда. Данделъиялъул хIасилал гьарулаго бетIерас тIадкъай кьуна управлениязда ва отделазда нухмалъулез ричча-рихъан тарал суалазда.

## Полициялъулазул праздникалда



**I0 ноябралда Унсоколо районалда бугеб РФялъул ОМВДялъул отделалда тIобитIана жанисел ишазул органазул хIалтIухъабазул къоялда хурхараб тадбир. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадов, гьесул зам. С. АхIмадов, районалъул Собраниялъул председатель К. Асадулаев, Россиялъул МВДялъул командировкаялъ рачIарал ва органазул ветеранал.**

Тадбир рагьана РФялъул МВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул нач. М. МухIамадовас. Гьес РДялъул МВДялъул министр ГI. МухIамадовасул ва жиндирго цIаралдасан данделъаразда баркана профессионалияб праздник.

Хадуб баркиялъул кIалъай гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовас. – Улкаялъул масъалаби гIумроялде рахъинариялъулъ, гIадамазул конституционниял ихтиярал ва эркенлъаби цIуниялъулъ кидаго жигараб бутIа лъола жанисел ишазул органазул хIалтIухъабаз,-ян абуна гьес. -Нужер рухIалда барахщичIого гьабулеб хъулухъ буго районалда гIадлу-низам цIуниялъул аслулъун. Гьелъ тIалаб гьабула рухIалда барахщичIого, бихьинчилъиялда, нужеего хIинкъи бугониги къеркьезе ккей. ГьединлъидаI жакъа нилъеца ракIалде щвезаризе ккола жидедаго тIадаб налъи тIубазабулаго гIумру кьурал. Даимго кIоченаро нилъеда гьел! РакI бацIцIадаб хъулухъалъухъ ракI-ракIалъулаб баркала кьола, Нужее, тIаса бищараб ишалъухъ икъбал ва битIккей гьарула. РакI-ракIалъ гьарула Нужее ва гIагаб божаразе щулияб сахлъи, битIккей, ракълилаб зоб, гIодобе биччараб хъулухъ гьаби, талихI ва бергьенлъаби инсул ракьалъе хъулухъ гьабулаго! Биччанте, нужее, шапакъатлъун букIине нилъер хъизаназда битIккей, гьезул полициялъулаздехун адаб-хIурмат бижи,-ян лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай. Гьединго полициялъул хIалтIухъабазда праздник баркана К. Асадулаевас.

ХIалтIулъ церетIурал полициялъул хIалтIухъабазе къуна грамотаби, хъулухъалда чIваразул къоролзабазе гIарцулал сайгъатал. КIоченчIо ветераналги, гьезул цIаралда абуна гIемерал хинал рагIаби.

Полициялъул хIалтIухъабазе хIадурун букIана праздникалъулаб стол. Тадбир лъугIана районалъул махщелчагIазул концерталдалъун.

## *Приоритетниял проектазда хурхун*

5 ноябралда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовасул кабинеталда букIараб совещаниялда гьоркьоб лъуна республика цебетIезабиялъе ругел 7 при-оритетниял проектал гIумроялде рахъинари унеб бугеб куцалъул хIакъалъулъ суал. Гьеб бачана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовас. Гьениб приоритетниял проектал гIумруялде рахъинариялъул бугеб хIалалъул хIисаб кьуна гьелъул жавабиял гIадамаз, бицана жакъа къоялде РДялъул ППР гIумруялде рахъинариялъе рихьизарурал тадбиразул планазул кьучIалда кин проектал тIуразарулел ругел, кинал захIмалъаби ругел гьел гIумруялде рахъинариялда хурхун.

Гьаб соналъул I0 моцIалда жаниб «Унсоколо район» МОялъ РДялъул ППР гIумроялде бахъинабиялъе бетIерас тасдикъ гьабураб планалда рекъон хIисаб кьуна гьелда хурхун гьабураб хIалтIул. 2015 соналъул I3 апрелалда РДялъул хIукуматалъ къабул гьабун букIараб постановлениялъул кьучIалда хиса-басиял гьарун рукIана гьел проектазда.

Данделъиялъул хIасилги гьабун ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: республика ва район цебетIезабиялъе приоритетниял проектал гIумроялде рахъинариялъе хIажатаб кинабго хIалтIи гьорлъе бачараб сетазул графиказул пунктал жиндир заманалда тIуразариялъул цIикIкIараб кIвар бугилан. КIвар буго щивав хIалтIухъан сетевиял графиказда рихьизарурал ва планалде росарал хIалтIаби тIуразариялде кIудияб жавабчилъигун тIаделъиялъул, приоритетниял проектал гIумроялде рахъинариялде кинабго рахъалъ рихьулел хIасилалги руго, амма рукIинару рал хIасилазда гIей гьабун чIезе бегьуларо. ГьабсагIаталда хIажат буго проектазул кинабго пунктазда рекъон хIалтIи лъикIлъизабиялъе г1оло жеги лъик1 хIалтIизе.

Муниципалитеталъул бетIерасул ишал тIуралес совещаниялъул ахиралда проектал гIумроялде рахъинариялъе болжалалги рихьизаруна.

***Райадминистрациялъул пресс-центр***

*Тарих: нужеда лъалеб бице!*

## Иргьани ханлъиялъул къиса

Ахирияб нухалда, XXVI гIасруялъул ахиралда тIадеги кIанцIун гьел росаби анлъабилеб нухалдаги рухIун руго. ГьерекIдерие кумек гьабулеб букIун буго Хъазаншурасан бачIараб лъарагIазул цIикIкIараб къуваталъ.

Цо пуланаб къоялъ тIадехун рехсарал росабазул цояб, ШишиликIалда тIад букIараб МагIмиз росулъе лъабго рекIарав вачIун вуго. Саламги кьун годекIанир ратаразда гьез абун буго «ЛекIал, нуж рекъел-маслихIаталъе лъарагIаз пуланаб бакIалде ахIулел руго (Хъазаншураялда доб махсаялъ цIар батIияб букIун буго). Ягъьид гIуцIарал ва чода рекIарал гIемерал гIадамал ун руго гьенире киналго росабалъа ва кулабаздаса (аби буго гьезул къадар 7025 чиясде бахунаанилан). Росабалъ хутIун руго лъимал, херал, гIажизал г1адамал ва руччаби.

Гьеб заманалда ЧIегIерав ХIожоги херав чи вукIун вуго, ХIожол ХIожогиункъоабилел саналъ вукIун вуго. Ригь арал ругониги гьел махIалда хIал бугел, чорхолъ жанги сахлъиги бугел гIадамал рукIун руго. Гьез ва гьезулго гIагарал гIадамаз гамачI биун маххги гьабулаан, гьелъул хунжрулги хвалчабиги гьарулаан. Абула гьел рукIанин гьаридалал ва маххулал абурал тухумазул гIадамал,-абун. Щибаб лъагIалил ахиралда гьезул къокъал фартуказул кусбузухъе ханас меседил таргьа чIехьолеб букIун буго. Гьезухъе рекьизе кьун рукIун руго лъарагIазул мегIералда нахъехун квегIиса индал батулеб I0 гектар ракь бугеб майдан. Гьениб бекьулеб букIун буго ролъ, бугIа, пурчIина ва гь. ц.

Дагьабго тIадчIей гьабизин КушматIа гьабсагIаталда поселок бугеб бакIалда рукIарал тухумазул цIаразда: дихIилал, гамачIулал, гьаридалал, маххулал. Дарги кIкIалахъ-сурилал, дайлал-шагIилал, хъиштIалал. Гьел рукIун руго шагьасул хурум-лакай гьабулел чагIи. ГIи-боцIул милат гьабун рукIун руго арутилал, гамачIулал. Гьединго къунцIи рукIанин абула ханасул гIи къунцIулел чагIи. Тухумазул къадар анцIгоялде бахунинги абула. Гьел киналго ханасде гIагараллъун рукIун руго. Ханасул кинабго магIишаталда тIад хъаравуллъи гьабулел рукIун руго ЧIегIер ХIожол цересел гIадамаз.

ТIад руссинин МагIмиз росулъе рачIун лъарагIаз ракълиде,-ян ханлъиялъул аслияв гIадамал ахIиялде. Гьениб ханасул гIадамазе ургъун букIун буго кIудияб хIилла. Данделъун бицун буго рекъел-маслихIаталъул, кванил ригь тIаде щведал цебе тIибитIун буго кIудияб сурпа. Гьоркьохъеб Азиялдаса Дагъистаналде ракьал рахъизе вачIун вукIарав рекъав Тимур – Темирланил чIужуялъ (Шура) гьагIдалъе загьроги бан хвезарула гьел. Гьенив хвана Иргьани шагьги. Гьеби гIечIого лъарагIаз пикро гьабула ханлъиялде цоги тIадекIанцIи гьабизе. КIанцIула гьел ханлъиялъул I2 росулъе. Щущазарун рухIула гьел.

Тимурил гIадат букIана цIа гъун росабиги рухIун, къанал цIоройдал къадалги риххун, гьел кIкIалабахъе ричалеб. ГанчIида гамачI течIо гьел росабазул. Гьеб букIана доб ГьаракIуниреги рачIун гьезул цо-цоялги рекъон Тимурил аскар рихьундериде кIанцIараб заман. Гьел ГьаракIунире рачIана ХIаква магIардасан. ЛъарагIазул къокъа тIад рештIиндал гьерекIдерил дагьалго гIадамал гьезда рекъана, Гванзу бакI сабаблъун гьеб кIиябго росда гьоркьоб къал букIана. Гьеб заманалда росда цIар Рихьуни букIинчIо, Иргьани шагьар БахIли гьадаран абулаан гьелда.

***Хадусеб букIине буго.***

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 46 (7186)*

*13 ноябрь 2015 сон*

*3 гьумер*

**С а д о в о д**

Страница в номере



# Участвуйте в конкурсе «Российская династия»

Во исполнение поручения Первого заместителя Председателя Правительства РД А. Карибова (ЕСЭД РД, РК № 01-3483/15 от 22.10.2015 г.) сообщаем, что 20 сентября 2015 г. стартовал II Всероссийский конкурс «Российская династия», направленный на возрождение российского патриотизма через семейные ценности, сохранение и приумножение лучших трудовых и культурных традиций России.

Организаторами конкурса выступают Общероссийская общественная организация «РОССИЯ» и Союз журналистов России.

Цель конкурса – выявление и поддержка российских династий, внесших существенный вклад в экономическое, социальное и культурное развитие страны.

Первый, региональный, этап конкурса проводится с 20 сентября 2015 г. по 10 марта 2016 г. Второй этап – с 11 марта по 15 мая 2016 года.

**Министерство печати и информации РД**

### I. Общие положения

1.1. Настоящее Положение устанавливает порядок и условия проведения конкурса «Российская династия» (далее - Конкурс).

1.2. Конкурс проводится Общероссийской общественной организацией «РОССИЯ» и Союзом журналистов России.

1.3. Конкурс проводится заочно на основании материалов, раскрывающих вклад участников в развитие России.

1.4. К участию в Конкурсе допускаются творческие работы, подготовленные гражданами без ограничения возраста, места жительства, социального статуса и рода занятий.

1.5. По результатам конкурса выпускается книга-сборник «Российские династии»

### II. Цели и задачи конкурса

2.1. Цель Конкурса - выявление и поддержка российских династий, внёсших существенный вклад в экономическое, социальное и культурное развитие страны

2.2. Задачи Конкурса:

2.2.1. Сохранение и приумножение лучших трудовых и культурных традиций России.

2.2.2. Информирование населения России о достижениях сограждан, внесших значительный вклад в развитие страны.

2.2.3. Поддержка российских династий.

### III. Участники конкурса

3.1. Участниками Конкурса являются семейные династии, представители которых проживают и работают в настоящее время или работали и проживали ранее в России.

3.2. Под династией в рамках настоящего Положения рассматриваются члены одной семьи и их близкие родственники в количестве трех поколений и более.

3.3. К участию в Конкурсе допускаются династии, представившие в Оргкомитет своевременно и в полном объёме все необходимые материалы.

3.4. Возраст участников, социальный статус, стаж работы не ограничены.

4.1. Сроки проведения конкурса: с 20 сентября 2015 по 15 мая 2016 года.

4.2. Конкурс проводится заочно в два этапа:

4..2.1. Первый этап (региональный) проводится с 20 сентября 2015 по 10 марта 2016 года по номинациям:

- «Из века в век»- для старейших династий, включающих несколько поколений, представители которых работают и проживают в настоящее время или работали и проживали ранее в России;
- «Семья в профессии» - для династий, представители которых работали и работают в одной профессиональной сфере;
- «Гордость России» - для династий, представители которых является выдающимися жителями России.

По итогам первого этапа определяются победители (три династии в номинации), которые принимают участие во втором (финальном) этапе конкурса. На региональном уровне рассматриваются династии, внесшие вклад в развитие территории. Название конкурса на региональном уровне соответствует названию территории, муниципального образования.

Для участия в первом этапе конкурсная комиссия рассматривает:

конкурсные материалы, заявку (в электронном виде) от одного из членов семьи, раскрывающие вклад семьи в развитие страны.

Конкурсные материалы представляются в срок до 10 марта 2016 года по адресу, обозначенному на территориальном уровне

4.2.2. Второй (финальный) этап конкурса проводится с 11 марта по 15 мая 2016 года.

В регионах, где отсутствуют отделения ООО «РОССИЯ» информация направляется по электронной почте Организации e-mal: ood_rossiya@mail.ru

Для оценки этих работ будет работать специальная комиссия.

- Требования к конкурсным материалам:
- основным материалом является эссе, изложенное в свободной форме с объемом текста от 2 до 5 тысяч знаков. Приветствуются фотоматериалы, которые обязательно сопровождаются текстом, поясняющим изображение (кто изображен, когда, где, событие). Эссе необходимо как основа для публикации.
- в качестве дополнительных материалов приветствуются видеофильмы, семейный альбом (копии фотографий, документов), мультимедийная презентация, художественно оформленное генеалогическое древо, копии публикаций в СМИ, иные материалов.
- процентное соотношение в творческой работе фото- и видеоматериалов, текстовой части, копий публикаций, иных материалов не регламентируется.

4.5. Материалы, несвоевременно представленные на конкурс или содержащие недостоверную информацию, не рассматриваются.

Учредитель конкурса вправе вводить дополнительные награды за особые успехи отдельных династий и их представителей по итогам Конкурса.

Информация о ходе Конкурса размещается на интернет-сайте Общероссийской общественной организации «РОССИЯ» www.oodrussia.ru

V. Критерии определения победителей конкурса

Лучшие конкурсные работы определяются по следующим критериям:

- содержательность деятельности членов династии в соответствии с номинацией , вклад династии в развитие России;
- логичность и четкость изложения материала;
- качество оформления и подачи материала;
- оригинальный творческий подход к освещению темы.

VI. Подведение итогов конкурса

6.1. Победители в каждой номинации определяются путем открытого голосования членов конкурсной комиссии.

6.2. Победители конкурса награждаются дипломами.

6.3. Информация о династиях победителей входит в книгу «Российские династии».

6.4. Династии-участники конкурса, не ставшие победителями в текущем году, могут принимать участие в конкурсе с новой работой неограниченное количество раз.

### СОСТАВ

Оргкомитета конкурса «Российская династия»

1. БОГДАНОВ Всеволод Леонидович, Председатель Союза журналистов России - председатель оргкомитета;
2. БОКЕРИЯ Лео Антонович, Директор НЦССХ им. А.Н.Бакулева РАМН, Действительный член РАН;
3. ДРОЗДОВ Николай Николаевич, российский учёный-зоолог, доктор биологических наук, профессор МГУ;

V-»

4. МИХАИЛОВ Александр Яковлевич, народный артист России;
5. НОВИЧИХИНА Надежда Васильевна, начальник Управления Президиума Центрального штаба ООО «РОССИЯ»;
6. ПОЛЯКОВ Юрий Михайлович, Главный редактор «Литературной газеты»;
7. УСОВ Анатолий Дмитриевич, Председатель Центрального штаба ООО «РОССИЯ», член Союза писателей России;
8. ШАТИЛОВА Анна Николаевна, народная артистка России;
9. ЯШИНА Елена Закировна, член Центрального штаба, руководитель проектного направления ООО «РОССИЯ» «Российская династия» (ответственный секретарь).

### ФОРМА ЗАЯВКИ для участия в конкурсе «Российская династия»

| | |
|---|---|
| **Фамилия, Имя, Отчество автора присланных материалов** | |
| **Почтовый адрес** | |
| **E-mail** | |

| | |
|---|---|
| **Телефон** | |
| **Номинация, на которую представлена династия** | |
| **Территория деятельности династии** | |
| **Основная фамилия династии** | |

# Не оставайтесь равнодушными

**Уважаемые жители района!**

Терроризм – это идеология насилия, устрашение наиболее широкого круга лиц и практика воздействия на общественное сознание. Терроризм создает угрозы для жизни и свободы граждан и в настоящее время является одной и важнейщих угроз безопасности человечества и современному миру в целом. Возможные цели терроризма: устрашение гражданского населения, экономического ущерба, осложнение межнациональных отношений. Терроризм является одним из наиболее опасных вызовов международной стабильности, он является наиболее социально опасным преступлением.

Каждый из нас должен знать, что с терроризмом необходимо не только бороться, гораздо важнее и эффективнее предупреждать его возникновение. Только объединившись, все вместе мы сможем противостоять терроризму.

Уважаемые жители района! Не оставайтесь равнодушными и безучастными к любым проявлением терроризма и экстремизма! От ответственности и бдительности каждого из нас зависит безопасность нашей жизни, жизни наших близких и соседей. А лучшей профилактикой экстремистских настроений в обществе являются толерантность и взаимоуважение. Поэтому мы должны бережно сохранять и уважительно относится к культурным и историческим традициям нашей страны.

Обращаясь к участникам НВФ, родственникам участников незаконных бандформирований, пособникам, хочу призвать прекратить эту пагубную деятельность, вернуться к мирной жизни ради сохранения мира и благополучия в нашей стране.

**Статья 205** Уголовного кодекса РФ голосит, что лицо, содействовавшее террористической деятельности, освобождается от уголовного ответственности, если оно своевременным сообщение органам власти или иным образом способствовало предотвращению преступления.

***Телефон доверия: 55-62-89***

# Униб буго подписка

Киса-кибего Россиялдаго гӏадин гьаб соналъул I сентябралдаса нахъе подписка рагьана нилъер районалъул «Ахихъан» газеталъеги. Районги, вижараб росуги хириязе, гӏагараб ракь бокьулезе бокьизе ккола районалъул газетаги. Гьединлъидал кӏочон тоге нилъеде бищунго гӏагараб районалъул газета хъвазе. Гьеб хъвазе бегьула районалъул почтамталда, росабазул отделениязда ва районалъул газеталъул редакциялдасанги. Подпискаялъул багьа лъагӏалиего почтамталдасан ккола 284 64 коп., редакциялдасан 100 гъур.

Районалъул газета ккола гьелъул гӏумру бихьизабулеб матӏу. Гьелдасан нужеда лъазе бегьула республикаялда, районалда бугеб ахӏвал-хӏал, батӏи-батӏиял харбал, политикиял, эконоикиял ва социалиял рахъалда кколел хиса-басиял, гӏолелги гӏоларелги рахъал, церетӏурал гӏадамазул, махщел камилал специалистазул хӏалбихьиял, ишал, малъа-хъваял, диниял гӏалимзабазул вагӏза-насихӏат, халкъияб медицинаялъул малъа-хъваял, яшав лъикӏлъизабиялъе ресал ва цогидабги.

Хӏурматиял учреждениял организациязул нухмалъулел, росабазул администрациязул бутӏрул! Районалъул «Ахихъан» газеталъул редколлегиялъ хьул гьабулеб буго нужеде, нужер коллективазда, росабалъ районалъул газета хъвазе кумек гьабун, гьелъул тираж дагьабги цӏикӏкӏинабиялда. Хасго бюджеталъе гьеб ишалъе гӏарац биччалел росабазул бутӏруз исана гьеб рахъалде кӏвар кьелин божилъи гьабизе бокьун буго.

РЕДКОЛЛЕГИЯ.

*Рихьуни школалдасан хъвалеб буго*

# Меседилаб хаслихълъи

**Хаслихълъи – беричаб лъагIалил заман,**
**ГIажаибал къоял хехго къокъунел.**
**Хаслихълъи – тIощел, пихъ бакIаруleб гIуж,**
**ТIогьиллъи рехарал рорхатал мугIрул.**
**Хаслихълъи – дир рекIел пашманаб асар,**
**Дунялго хисулеб, жеги цIикIкIунеб.**
**Хаслихълъи – тIамхазул сверулел кьерал,**
**ТIинкъи-тIванкъиялда гIодор рортулел.**
**Хаслихълъи – гIисинал хIанчIазул тIелал,**
**ХIалимго зодисан роржун унеб мех.**
**РикIкIадал сапаралъ къокъунел рукIун ,**
**Къо лъикI нилъей гьабун рачунел бакънал.**
**Шиг1раби хъвалезул гьудул- хаслихълъи**
**Сас гьечIел сардазул ВатIан хаслихълъи,**
**Хирияв Пушкинил нахъе хутIарал**
**ТIолго асаразул кунчIи - хаслихълъи.**

У! хаслихълъи ккола гIурусазул цIар рагIарав шагIир, хъвадарухъан ва драматург А. С. Пушкинил дунялалъего жиндица нахъе тарал асаразул нугI. Гьесие шавкъ босун рештIунаан тIоцересел гIазул хIулаби, гордохъан пулаан тамахаб гьури, зоб цIолаан хьухьазул, байбихьулаан лъеда тIеренабго цIер чIвазе.



Учительги гIемерисеб мехалда цIалдохъабазе лъугьине ккола шагIирлъунги, артистлъунги, художниклъунги. Узухъда, гIемерисезе гьединаб пагьму-гьунар БетIергьанас кьун бугелъул. Биччанте лъималазда лъазе тIабигIаталъул берцинлъиги, захIмат бигьаяблъун гьабизеги, дарсал гурого класс тун къватIибехун гьабулеб хIалтIуца рекIее кIудияб асар гьабизеги. ГIисинал, рацIцIадал, сахал ракIал ругьунлъизе те берцинлъиялде, рохалиде, гьудуллъиялде ва хIалимлъиялде. Гьедин гурищ рештIунеб цIалдохъабазухъе щибаб предметалде рокьи?

Тарбия кьеялъе ва цIалуда хадур лъимал гьеялъе гIемераб хIалтIи кидаго гIадин гьабулеб буго Рихьуни гьоркьохъеб лъай кьеялъул школалдаги. Гьелъие нухмалъи гьабулеб буго хIалимай, сабурай ва гIакъилаб каламалъ цIалдохъаби ва учительзаби цере рачуней директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ зам. ГI. Камиловалъги, дурусай, хIалтIи мухIканай, кIвахI-свак гьечIей цIалул рахъалъ директорасул зам. З. ХIожолаевалъги.

ТIабигIаталъул щибаб заманалда лъимал гьираялда цере рахъуна жидецаго рахъарал суратал, хъварал сочинениял, ургъарал кучIдул ва цогидабгун. Гьеб гурищ цIалудехун бугеб жавабияб бербалагьи.

БатIи-батIиял, рихьизе рокьулел, магIна бугел тадбираз рачуна лъимал церехун, лъикIлъиялде, цогидаздехун гурхIел гьабизеги гьудул-гьалмагълъи кIодо гьабизеги тIамула.

Хаселги, рииги, хаслихълъиги, ихги руго заманаби тIабигIаталъул. Риччанте лъикI лъазе гьел цIалдохъабазда.

Щвана хаслихълъи, хисана кинабго тIабигIат, тIогьиллъана, жеги чIурканлъана дунялго, хасго хьиндаллъабазул гIодоблъиялда рарал росабиги, гьезда цере рихьулел ахал-хурзалги.

Хаслихълъиялъул рицунел тадбирал гIуцIизе, рихьизаризе байбихьана гIурус мацIалъул ва литератураялъул цолъиялде гьоркьоре унел учительзабазул хIаракаталдалъун.

Школалда хасаб бакI ккола хаслихълъиялда хурхун тIоритIулел утренниказ, шигIрабазул сагIтаз, сочинениязул ва суратазул конкурсаз, балагьаразе бокьуледухъ рихьизарулел исцинировкабаз.

Исана, 2015-2016 цIалул соналъул сентябрь, октябрь моцIаздаги гIурус мацIалъул ва литератураялъул цолъиялъ хасаб планалда рекъон тIоритIана гьал хадур рехсарал тадбирал:

I. «Дир рекIее гIола хаслихълъиялъул къомех лъикI гьабулеб тIокIаб берцинлъи»,- абураб.

2. «Сундухъдай бокьулеб дие хаслихълъи?»,- абураб сочинениязул конкурс.

3. «Гьал киналго кьерал хаслихълъиялъул»- абураб суратазул конкурс.

4. «Хаслихълъи – тIошел-пихъ бакIарулеб гIуж»-абураб исцинировкабазул рихьизариял.

Гьел киналго тадбиразулъ 5-11 классазул цIалдохъабаз гьираялда гIахьаллъи гьабуна, хасго жидерго гьунар бихьизабуна 6 «а», 6 «б» классазул цIалдохъабаз, ай абуни гьел классазул гIемерисел ясаз.

Поэзиялъул сагIатазда пасихIго рекIехъе цIалана А. С. Пушкинил, Ф. И. Тютчевасул, А. А. Фетил, А. Майковасул хIайранал кучIдул. ЛъикIаб хIадурлъи гьабун букIана 6 «а» классалъул цIалдохъабаз - П. Жаватхановалъ, П. МухIамадовалъ, П. СултIановалъ, 6 «б» классалъул цIалдохъаби А. Гьаруновалъ, С. ГIалиевалъ ва С. АхIмадовалъ.

Сочинениязул конкурсалда бищунго лъикIаллъун рикIкIана 6 «б» классалъул цIалдохъан П. Жаватхановалъул, ва МухIамадгIалиевазул, А. Гьаруновалъул сочинениял.

Хаслихълъиялъул сурат бахъулезда гьоркьор рукIана гьебго классалъул цIалдохъаби ГI. Жамалудинова, Д. АхIмадова, Н. Сурхаева, Р. МухIамадов ва цогидалги.

Исцинирвкабазда лъикIаб гIахьаллъи гьабуна С. ГIалиевалъ, ГI. ГIабдулаевалъ, ГI. Шейховас ва цогидазги.

**ГIайшат ХЪАРАГИШИЕВА.**
**Нижер мухбир.**

*Инхоса ГIалихIажияв гьавун - 170 сон*

# ГIакъилал жугьаби

Кьураб нахъе босарав басралъиялде ккола,
Къимат эхедегIанав халкъалъе кIодолъула.
* * *
ГIамал-тIабгI квешлъарасе рикъзи мукъсан гьабула,
Рагъулъ витIун ккарасе кIодолъи-лъай цIикIкIуна.
* * *
БоцIи лъикIаб хIалалаб, хIажаталъуб пай щолеб,
Гьелъул квешаб, хIиллаяб, хIарамалде буссуна.
* * *
ХIал ккарасе квер бакъе, къваридасде балагье,
Бищун цIикIкIараб лъикIлъи гьеб буго дуй батулеб.
* * *
Дудасаго лъугьараб квешлъи кIодолъун бихье,
Чиядаасан бачIараб гьитIинаб жолъун те.
* * *
Дунял тун дин гьабурав, кIиго рокъов тIокIлъула,
Дин тун дунял ккурасе кIиябгоги борчIула.
* * *
Киналго муругIатал, гIакълуялда нахъ руго,
ГIакълуги хIалги бихьун, хIусуллъараб жо буго.
* * *
ГIакълуялъул аслуги витIуда хьвади буго,
Элъул бугеб пайда пихъ, саламатлъун ккей буго.
* * *
ХъахIаб дарай тIад ретIун, диванбеглъун чIаниги,
Дин гьабичIеб къаркъала, къабихIаблъун бихьула.
* * *
Гъибат-бугьтан, вореги чиясдехун гьабуге,
Чехьалъул эбелалда – туманкI речIчIи гьеб буго.
* * *
Добе-гьаниб квер бегьун, кето гIадин вукIунге,
Рокьи ккарай ясалда аскIов гIадинан кванай.
* * *
Унтун гьан бугониги квен билъунареб,
Ккараб рокьи букIун макъу щолареб.
* * *
Бищун рах1атаб г1умро г1елмуялъги беццулеб,
Г1адамазулъ лъик1 вук1ин, рек1елъ нифакъ ккеч1ого.
* * *
Горалъул рагIал балай, гIабдаласул иш буго,
РагIул ахир цIехолев – цIадабе накку балев.
* * *
Маххуда гьалай биччан, ургъуге гIарац лъвине,
ГIантал хIиллаби гьарун, хIамил чу лъугьунарин.
* * *
ГъотIол борхалъи борце рагIадалъухъ балагьун,
ГIадамасул ритIухълъи, гIамалалъухъ балагьун.
* * *
Рокъор лъадул гIузраби, гIантас къватIир рицунел
Къо т1аде ккей гьечIеца, гьудул-гьалмагъ какулев.
* * *
Мунагьал гIемерлъунин гIадамазде рехуге,
ГIумро чорок гьабурас, чияда гьеб бацIцIунге.
* * *
Ахикь тIолго гьутIбузда пихъги бан рохуларо,
Халкъалда гьорлъ щибунги, щвечIев чи камуларо.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго студиялъул хIалтIухъан ГIабдулгIазизова Аминатида ва тIолабго гIагарлъиялда эмен
**МухIамад**
Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовит1ун ватаги!

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго мировияб судалъул хIалтIухъан ПатIиматида, райбольницаялъул медсестра ГIайшатида ва тIолабго гIагарлъиялда гьезул вац ва рос
**АхIмад**
къокъидго нилъедаса ватIалъиялда бан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Ответственный
Гусейн ГУСЕЙНОВ

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 12. 11. 15 г. 15, 10
фактически -16.10 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.